

BAB V

SIMPULAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMÉNDASI

5.1 Simpulan

Ieu panalungtikan dikasangukungan ku réana basa anu digunakeun ku murid anu nyimpang nalika komunikasi jeung guruna nalika diajar di kelas, kalan-kalan siswa ngagunakeun ragam basa Sunda loma atawa kasar binarung ku pasemon, réngkak jeung peta anu malah nyimpang tina prinsip kasopanan. Étika anu hadé bisa dimimitian ku ngagunakeun basa anu merenah sarta luyu jeung tatakrama basa. Ku kituna, ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun nyungsi jeung ngadéskripsikeun prinsip kasopanan jeung pananda konvérsasi dina wacana pangajaran basa Sunda di SMP Negeri 4 Garut. Ari déskripsina ngawengku lima hal nyaéta prinsip kasopanan, nu ngawengku 1) maksim kawijaksanaan (*tact maxim*), 2) maksim katumarima (*approbation maim*), 3) maksim kasaluyuan (*agreement maxim*), 4) maksim kasimpati (*sympathy maxim*), 5) maksim balabah (*generosity maxim*), jeung 6) maksim handap asor (*modesty maxim*); pananda konvérsasi dina prinsip kasopanan ngawengku kasopanan linguistik jeung kasopanan nonlinguistik, tahapan kasopanan ngawengku ragam basa hormat jeung ragam basa loma; jeung pangaruh tahapan kasopanan kana atikan karakter (*character first education*).

Dumasar hasil panalungtikan, (anu ngawengku 222 paguneman anu diwangun ku 1020 omongan), bisa dicindekkeun yén data paguneman anu satuluyna dianalisis téh mangrupa paguneman anu lumangsung nalika prosés diajar antara murid jeung guru sagemblengna ngagunakeun basa Sunda, tapi dina prak-prakanana aya nu ngagunakeun ragam basa Sunda hormat jeung ragam basa Sunda loma. Salian ti éta omongan murid ka guruna aya nu nyumponan kana prinsip kasopanan, aya ogé anu nyalahan kana prinsip kasopanan, ieu hal tangtu dicirian boh ku pananda kasopanan linguistik boh nonlinguistik.

Prinsip konvérsasi anu dianalisis nyaéta ngeunaan prinsip kasopanan. Dina hasil panalungtikan, kapanggih ayana paguneman anu nyumponan prinsip kasopanan, tapi aya ogé paguneman anu ngarempak prinsip kasopanan. Paguneman anu henteu nyumponan prinsip kasopanan leuwih réa tibatan nu nyumponan, di antarana paguneman nu ngarempak maksim kawijaksanaan panglobana kapanggih dina ieu panalungtikan. Kapanggih loba omongan anu

Sofa Marwah, 2023

PRINSIP KASOPANAN JEUNG PANANDA KONVERSAI DINA WACANA PANGAJARAN BASA SUNDA DI SMP NEGERI 4 KABUPATEN GARUT (ANALISIS PRAGMATIS JEUNG PÉDAGOGIS)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

nuduhkeun tahapan teu hormat atawa henteu wijaksana nalika nyarita jeung guruna di kelas. Dina ieu hal dicirian ogé ku pananda konvérsasi kasopanan. Pananda kasopanan dina konvérsasi bisa dicangking ku ayana opat faktor nyaéta lisan atawa kekecapan, pasemon, réngkak jeung peta, jeung intonasi. Pananda kasopanan linguistik ngawengku panjang pondokna tuturan, runtuyan tuturan, intonasi, jeung makéna ungkara pananda kasopanan. Pananda kasopanan nonlinguistik ngawengku pasemon, réngkak, jeung peta.

Dina ieu panalungtikan kapaluruh paguneman anu henteu nyumponan prinsip kasopanan dicirian ku pananda kasopanan sacara linguistik nyaéta kekecapan nu digunakeun anu kurang sopan, singgetna omongan anu digunakeun murid nalika ngajawab pananya ti guruna, jeung intonasi anu digunakeunna maké intonasi luhur (tarik). Sedengkeun paguneman anu henteu nyumponan prinsip kasopanan dicirian ku pananda kasopanan sacara nonlinguistik, nyaéta nalika murid nyarita jeung guruna binarung ngagunakeun pasemon baketut baeud jeung réngkak kalayan légeg. Ieu hal tangtu teu nuduhkeun ayana prinsip kasopanan.

Dina hasil panalungtikan, omongan anu nuduhkeun ayana prinsip kasopanan sacara linguistik, panyatur (murid) ngagunakeun kekecapan anu sopan tur merenah, omongan anu dikedalkeun maké sanduk-sanduk, jeung ngagunakeun intonasi anu handap (laun). Saupama omongan anu nuduhkeun ayana prinsip kasopanan nonlinguistik, panyatur (murid) nyarita ka guruna binarung ku pasemon anu marahmay, jeung réngkak-peta kalayan rengkuh.

Tahapan prinsip kasopanan ngawengku kana ragam basa Sunda hormat jeung ragam basa Sunda loma. Dumasar kana hasil panalungtikan, ragam basa Sunda loma panglobana kapanggih. Murid nyarita ka guruna maké basa Sunda loma, sedengkeun basa Sunda loma dipaké nalika nyarita jeung sawawa atawa sapantaran jeung keur ka sahandapeun, saupama nyarita jeung saluhureun ngagunakeun ragam basa Sunda hormat (lemes).

SMP Negeri 4 Garut nyarungsum kurikulum atikan anu disaluyukeun jeung kurikulum merdéka, anu kagiatanna dilaksanakeun dina prosés kagiatan diajar. Éta eusina téh ngawengku (1) dasar *berahlak mulia*, (2) dasar *berilmu*, (3) dasar *berbudaya*, jeung (4) dasar *berkarakter*. Ieu hal luyu jeung kurikulum merdéka anu sakumaha didadarkeun dina buku saku kurikulum basa Sunda, yén profil Pancasila didasaran ku opat kapribadian nyaéta Catur Diri Insan (Pribadi anu *beriman*), *Spiritual Quotient* (pengkuh agamana), *berilmu* (luhung élmunu, *intellectual quotient*), *berbudaya* (jembar budayana, *emotional quotient*), jeung krétatif, ngahasilkeun karya (rancagé gawéna,

actional quotient). Dina prak-prakanana, murid-murid ngalaksanakeun sababaraha kagiatan anu nyumponan kana atikan karakter, upamana kana prinsip kasopanan nyaéta ngaliwatan stimulasi Trisilas (silih asih, silih asah, silih asuh) bakal ngahasilkeun pribadi peserta didik anu multitalénta (jelema masagi), anu miboga ciri *berbudaya* (nyunda), agamis (nyantri), akademis (nyakola), jeung ksatria (nyantana), anu miboga lima lawang kabagjaan (gapura pancawaluya), nyaéta cageur (séhat fisik mental), bageur (bérehan, empati, *berahlak*, bener (taat hukum, miboga iman, tartib), pinter (*berilmu*) jeung singer (parigel). Ku kituna, prinsip kasopanan mangaruhan kana kahasan atikan karakter di SMP Negeri 4 Garut.

5.2 Implikasi

Ieu hasil panalungtikan dipiharep bisa ngeuyeuban jeung ngajembaran paélmuan linguistik, hususna dina prinsip kasopanan. Dina kahirupan sapopoé tangtuna teu leupas tina komunikasi. Sopan santun makéna basa kawilang penting sabab aya patalina jeung norma anu kumbuh di masarakat sarta mangrupa idéntitas pikeun dirina sorangan. Étika anu hadé bisa dimimitian ku ngagunakeun basa anu merenah sarta luyu jeung tatakrama basa. Kitu deui dina ngalakukeun interaksi di sakola upamana ka guru kudu migoga sikep sarta paripolah anu hadé.

Ku ayana ieu panalungtikan, masarakat pangna pikeun nu maca bisa ngarti kana aturan atawa kaédah dina ngalakukeun paguneman, sangkan nalika komunikasi nyingkahan ayana katugenah haté balukar tina omongan anu kurang sopan. Ku kituna, ieu panalungtikan dipiharep bisa méré pangaweruh utamana dina larapna prinsip kasopanan pikeun kahirupan sapopoé.

5.3 Rékomendasi

Dumasar hasil analisis jeung kacindekan nu didadarkeun di luhur, aya sababaraha rékomendasi patali jeung ieu panalungtikan. Kahiji, tiori nu dipaké prinsip kasopanan jeung pananda konvérsasi kawilang kurang pikeun ngeuyeuban tiori nu dipaké keur ngolah data. Dipiharep dina panalangtikan satuluyna tiori nu dipaké pikeun bahan référénsi euyeub sarta bisa matalikeun jeung tiori ngeunaan prinsip kasopanan. Kadua, ayana panalungtikan husus pikeun ngaguar hal-hal nu ngarempak prinsip kasopanan, jeung pananda konvérsasi, sarta atikan karakter anu rék dilarapkeun di sakola. Katilu, dipiharep loba nu resep pikeun ngalanjutkeun panalungtikan ngeunaan pragmatik. Utamana patali jeung prinsip kasopanan.

Sofa Marwah, 2023

PRINSIP KASOPANAN JEUNG PANANDA KONVERSASI DINA WACANA PANGAJARAN BASA SUNDA DI SMP NEGERI 4 KABUPATEN GARUT (ANALISIS PRAGMATIS JEUNG PÉDAGOGIS)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu